दिन–बुधवार दिनांक–31.12.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय रेलवे स्वदेशी रूप सँ डिजाईन आओर निर्मित वंदे भारत स्लीपर ट्रेनक अंतिम उच्च गति परीक्षण सफलतापूर्वक पूरा कऽ लेलक। ई परीक्षण आइ कोटा–नागदा रेल खंड पर कयल गेल। रेलगाड़ीक अधिकतम गति एक सय अस्सी किलोमीटर प्रतिघंटा अछि। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव सोशल मीडिया पर पानि सँ भरल गिलासक स्थिीरताक प्रदर्शन करयवला वीडियो साझा करैत कहलनि जे उच्च गति परीक्षण के सफलतापूर्वक संपन्न होयब एकटा बड़ाक तकनिकी उपलब्धि अछि। एहि सँ पटना–दिल्ली समेत देशक आनो भाग मे वंदे भारत स्लीपर सेवाक शुरूआतक मार्ग प्रशस्त भऽ गेल अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे भूमि विवादक त्वरित समाधान आवश्यक अछि आओर ई सरकारक प्राथमिकता मे शामिल अछि। श्री सिन्हा सहरसा मे आइ **भूमि सुधार जनकल्याण संवाद** कँ संबोधित करैत साफ कहलनि जे आब सरकार सीधा नागरिक कँ सुनवाई आओर अफसर कँ जवाबदेही तय करबा पर जोर दऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे जनकल्याण संवाद के बीच प्राप्त आवेदन कँ डिजिटल पोर्टल पर दर्ज कऽ ओकर नियमित मोनिटिरिंग कयल जायत।

---

मैथिली रंगकर्मक लेल समर्पित नाट्य संस्था भंगीमा पटनाक वर्षांत नाट्य आयोजन ठहाका आई चेतना समिति पटना मे आयोजित भऽ रहल अछि। जाहि मे वर्षक अंतिम दिन एकतीस दिसंबर कँ हास्य नाटकक प्रदर्शन होयत अछि। एहि बेरक नाटक अछि– **बाबा दंडोत बच्चा जयसिया राम** अछि। एहि नाटकक नाटककार छथि ऋषि वसिष्ठ आओर निदेशक अवधेश झा। एहि नाटक मे मुख्य भूमिका अभिनेता निखिल रंजन निभा रहल छथि। एकरा संगहि, बाल अभिनयकर्ताक सभक द्वारा भारतेंदू हरिशचंद्र कृत **अंधेर नगरी चौपट राजा** नाटकक प्रदर्शन सेहो होयत जेकर निर्देशक छथि सुनिल ठाकुर।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक प्रमुख पहल **परीक्षा पर चर्चा** ऐतिहासिक उपलब्धि हासिल कयलक अछि। कार्यक्रम मे भाग लेबाक लेल काल्हि धरि रिकॉर्ड तीन करोड़ सँ बेसी पंजीकरण दर्ज कयल गेल। शिक्षा मंत्रालय कहलक अछि जे भागीदारी के व्यापक स्तर परीक्षा पर चर्चा कैँ एकटा सत्य जन आंदोलन साबित करैत अछि।

————————————————————————

साल दू हजार पच्चीसक आइ अंतिम दिन अछि। लोक दू हजार पच्चीसक विदाई आओर नव वर्ष दू हजार छब्बीसक स्वागतक तैयारी मे जुटल अछि। एम्हर, प्रशासन नव वर्षक अवसर पर सुरक्षाक विशेष इंतेजाम कयलक अछि। विभिन्न चौक–चौराहा पर मजिस्ट्रेटक निगरानी मे जवानक तैनाती कयल गेल अछि।

————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोक सभ कैँ नव वर्षक शुभाकमना देलनि। राष्ट्रपति अपन संदेश मे कहलनि जे नव वर्ष नव ऊर्जा आओर सकारात्मक बदलावक प्रतीक अछि। राष्ट्रपति एहि वर्ष मे सभक लेल सुख, शांति आओर समृद्धिक कामना कयलनि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया संदेश मे कहलनि जे नव वर्ष मात्र तारीख बदलबाक अवसर नहि अछि, अपितु नव संकल्पक संग आगु बढ़बाक अवसर अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो राज्यवासी कैँ नव वर्ष बधाई आ शुभकामना देलनि।

————————————————————————

प्रदेशिक समाचार एकांश पटनाक दिस सँ विशेष प्रस्तुति वर्षांत दू हजार पच्चीसक प्रसारण कयल जा रहल अछि। आइ एहि कार्यक्रम कैँ राति सात बाजि कऽ बावन मिनट सँ आकाशवाणी पटना के प्राइमरी चैनल पर सुनल जा सकैत अछि।

————————————————————————

आई दरभंगा जिला एक सय बावनवां स्थापना दिवस समारोह सफलता पूर्वक मनाओल गेल। समारोहक उद्घाटन भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, बिहार सरकार समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी, राज्यसभा सांसद धर्मशीला गुप्ता आ जिलाधिकारी कौशल कुमार संयुक्त रूप सँ दीप प्रज्ज्वलित कऽ कैँ कयलनि।

————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश हिस्सा मे कड़गर ठंढ़ आओर घनगर कुहेसक कारणे जनजीवन प्रभावित भेल अछि। घनगर कुहेसक कारण दृश्यताक स्तर कम होय सँ रेल, सड़क आओर हवाई जहाज सेहो बाधित भेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच गया राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ के न्यूनतम तापमान पांच डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक जे अगिला पांच दिन धरि मौसम के रूख मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत।

———————————————————————————

समाप्त